
MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DATE: Mèkredi 14 Septanm 2022

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat mercredi 14 septembre 2022. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Drew Echelson, Sirentandan Pa Enterim

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

Mèkredi 14 Septanm 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estat	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
670 000\$	2023	Inisyativ Global Patenarya Preskolè (Comprehensive Preschool Partnership Initiative, CPPI).	Nouvo	David McAulty	Ti Anfans	Nan Tout Distri a
211 673\$	2023	Sibvansyon SEL ak Sante Mantal	Nouvo	Whitney Walker	Aprantisaj Sosyal ak emosyonèl	Nan Tout Distri a
77 825\$	2023	Literasi Nimerik Kounye a Pati 2	Nouvo	Yvonne Macrae	Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik	Nan Tout Distri a
\$959 498		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23600

Non Sibvansyon: Inisyativ Global Patenarya Preskolè (CPPI)
Estati: Renouvèlman
Tip Sibvansyon: Konpetitif
Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Out 2022 – 30 Jen 2023
Sous Finansman: Eta Massachusetts (Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Kathie Lange
Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs
50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109
Imel: katherine.m.lange@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Ti Anfans

Jesyonè Fon BPS: David McAuley, Jesyonè Finans Universal Pre-K, Depatman Ti Anfans

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jason Sachs, Direktè Egzekitif, Depatman Ti Anfans

Montan Anyèl Pri a 670 000 \$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): pa aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 986 elèv

Sit yo: Nou prevwa pou entegre finansman CPPI nan enfrastrikti Universal Pre-K (UPK) ki pral desèvi 986 elèv (laj 3 an ak laj 4 an) nan apeprè 65 salklas baze nan kominote a pandan Ane Lekòl 2022-23 a. Finansman CPPI a pral soutni espesyalman 10 salklas (ki estime a 161 elèv k ap desèvi) nan twa nan pwogram patnè kominotè wot kalite nou yo: Boston Chinatown Neighborhood Center, Boys and Girls Clubs of Dorchester, ak Ellis Memorial Early Learning. Nan kad patisipasyon pa yo nan kad sibvansyon sa, twa òganizasyon sa yo pral bay konsèy tou sou edikasyon espesyal la ak sipò nan kesyon sante konpòtmantal an kolaborasyon avèk Lekòl Piblik Boston yo pou ede etann sipò entèvansyon prekòs yo.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Boston Chinatown Neighborhood Center, Boys & Girls Clubs of Dorchester, Ellis Memorial Early Learning

Deskripsyon Sibvansyon

Sibvansyon CPPI Ane Fiskal 2023 Lekòl Piblik Boston yo (BPS) pral soutni dirèkteman 10 salklas kominotè ki ap desèvi elèv ki nan laj 3 an ak 4 an ansanm ak fanmi yo, pandan li ap fasonne yon soutyen pwogramasyon wot kalite pou tout salklas kominotè Boston Universal Pre-K yo ki pral atenn 900+ laj 3 ak 4 an ane akademik sa.

Pwopozisyon ane sa pral soutni twa òganizasyon – Boston Chinatown Neighborhood Center, Boys and Girls Club Dorchester, ak Ellis Memorial Early Learning - eksplwatasyon 10 salklas, k ap desèvi 161 elèv. Tout 10 salklas yo kalifye pou nivo siperyè kalite UPK - sit "Ekspansyon Kalite". Nan tout salklas sa yo, finansman kouvri salè anseyan yo, mizannèw pwogram etid Konsantre sou PreK la, ak kotchin pedagojik BPS. Elèv yo patisipe san frè pou fanmi yo, epi yon pwogram Connector ap soutni elèv yo nan moman tranzisyon yo pou monte nan klas K2 distri a.

Anplis, sibvansyon an pral finanse yon nouvo pòs Psikològ Eskolè 1.0 FTE - yo gentan rekrute moun nan - pou vin fè pati ekip k ap grandi Edikasyon Espesyal UPK, ki bay divès sèvis itineran nan salklas kominotè yo pou founi divès soutyen entèvansyon prekòs nan anviwònman ki mwens restriktif la ak pi favorab la.

Sibvansyon CPPI Ane Fiskal 2023 a pral founi divès retou imedyà sou fòm yon sèvis dirèk ak yon amelyorasyon kalite nan 10 salklas, pandan l ap ranfòse kapasite batiman an menm tan pou yon sistèm Pre-K wot kalite nan Boston ki pral reponn ak bezwen chak timoun.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve

80,88 % sibvansyon an pral itilize pou finanse dirèkteman divès plas elèv nan UPK, espesyalman nan 10 salklas, k ap pèmèt elèv yo patisipe gratis nan fanmi an.

Yo pral itilize 16,39% sibvansyon an pou finanse yon nouvo pòs Psikològ Eskolè nan Lekòl Piblik Boston yo pou founi divès sèvis itineran pou elèv ki nan 65 salklas kominotè, ki gen ladan yo 10 ki anba sibvansyon sa.

2,73% sibvansyon an pral peye divès depans endirèk pou administre sibvansyon an

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Revalizab, Revalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Salklas Boston Universal Pre-K yo gen obligasyon pou mete an èv Pwogram Etid BPS Focus on Pre-K ansanm ak pwogram etid Building Blocks yo. Yon zouti obsèvasyon fidelite pral itilize pou evalye mizannèw pwogram etid BPS Focus on Pre-K and Building Blocks lan nan objektif pou gide ankadreman ak devlopman pwofesyonèl nan mezire adezyon ak kalite chak konpozan pwogram nan. Objektif iltim nan se pou salklas yo entegre pwogram etid BPS Konsantre sou Pre-K a avèk 70% fidelite avan prentan 2023 a.

Endikatè: Avan prentan chak ane, nou pral egzamine nòt fidelite yo nan kad evalyasyon olistik pwogram nan.

Objektif #2: Avan Jen 2023, 100 pousan elèv ki nan 10 salklas CPPI ap soutni te mete an èv zouti depistaj devlopman Kesyonè sou Laj ak Estad (Ages & Stages Questionnaire, ASQ) epi 100 pousan elèv ap resevwa opòtinite pou sèvis entèvansyon prekòs yo nan men yon Òtofonis ak/oubyen yon Ègoterapet

Endikatè: (1) Tout ASQ yo ranpli pou elèv UPK yo ane sa; (2) Depistaj Pawòl Langaj yo ak Ègoterapi yo te bay 100% elèv nan 10 salklas CPPI ap sipòte, pa dosye ki soti nan Biwo Edikasyon Espesyal BPS la.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a.

Tanpri Site yo anba a:

2.2 Soutni ak ankadre edikatè yo pou ofri divès opòtinite aprantisaj enklizif wot kalite pou asire yo ke elèv andikape yo byen sèvi nan kad ansèyman jeneral la: sibvansyon sa pral plis elaji ekip Edikasyon Espesyal UPK ki bay divès sèvis itineran nan salklas kominotè yo nan kondisyon ki mwens restriktif yo ak anviwònman ki plis favorab la.

2.4 Mete plènman an èv pre-kindè inivèsèl la gras ak yon modèl prestasyon miks ki pwofite de opsyon distri yo ak kominote a epi garanti yon eksperyans edikatif wot kalite pou tout jèn aprenan yo.

6.2 Kolabore avèk divès òganizasyon ak divès ajans patnè pou ofri yon aprantisaj ak yon ranfòsman konpetans yo, nan konsantre sou konpetans sosyal ak emosyonèl esansyèl yo pou devlopman jèn yo ak konpetans pwofesyonèl ki esansyèl pou reyisit nan inivèsite ak pwofesyonèl: Boston Chinatown Neighborhood Center, Boys and Girls Clubs of Dorchester, ak Ellis

Memorial Early Learning se patnè apa antyè sibvansyon sa epi pral akeyi divès salklas an patenarya avèk Depatman Ti Anfans Lekòl Piblik Boston yo pou jete baz pou jèn aprenan yo pou reysisit pèsònèl, inivèsite, ak pwofesyonèl alontèm.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23678

Non Sibvansyon: Soutni Aprantisaj Sosyo Emosyonèl, Sante Konpòtmantal ak Mantal ansanm ak Byennèt
Elèv — Kontinyasyon (Sibvansyon SEL ak Sante Mantal)

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Septanm 2022 – 30 Jen 2023

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Depatman Ansèyman Primè ak Segondè
Chris Pond - 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn: (781) 338-3611

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Divizyon Akademik yo

Jesyonè Pwogram BPS la: Whitney Walker, Doktè
Kowòdonatè Done ak Rechèch CBHM, Sèvis Sante Konpòtmantal yo
wwalker@bostonpublicschools.org

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Sèvis Sante Konpòtmantal yo

Montan Anyèl Pri a 211 673\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 551 380\$

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 100

Sit yo: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon

Objektif pwogram sibvansyon kontinyasyon Eta ak Gouvènman ap finanse se pou adapte, elaji oubyen ranfòse sistèm soutyen yo a plizyè nivo pou reponn ak bezwen sante sosyo emosyonèl yo ak konpòtmantal elèv yo, fanmi yo, ak edikatè yo ak pou bati patenarya solid avèk ajans ak/oubyen founisè sante mantal ki nan kominote yo.

Sibvansyon sa vize konstwi kapasite distri lekòl yo, lekòl a chat yo ak divès kolaborasyon edikatif pou fè sa ki swiv yo:

- devlope divès sistèm konplè ak entegre a plizyè nivo pou soutyen sosyo emosyonèl yo ak/oubyen sante mantal elèv yo, fanmi yo ak edikatè yo; epi
- konstwi yon enfrastruktir dirab pou fasilite kowòdinasyon entegre ant elèv lekòl yo, fanmi yo, pèsònèl lekòl la, ak sèvis ki baze nan kominote yo ak/oubyen founisè yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Plan nou se pou itilize kontinyasyon Kategori A pou elaji aksesibilite sèvis sante mantal/konpòtmantal a plizyè nivo yo pou elèv yo ak fanmi yo avan/aprè lekòl. Nan limyè difikilte patenarya ki lye ak COVID yo, nou te modifiye plan finansman Kategori C nouan pou endamniye pèsònèl BPS la pou sèvis sa yo (oparavan volontè) yo te ofri. Olye pou finansman yon patnè a tan plen, nou ta renmen kontinye finansman livrezon sèvis MTSS a avan/aprè lekòl nan ane lekòl 2022-2023 a. Nou konnen ke patnè yo toujou gen difikilte pou ranpli pòs vakan yo; sepandan, ap kontinye genyen yon eka nan livrezon sèvis yo nan ane k ap vini an. Anplis, nou swete ke lè nou kontinye pwogramasyon sa, nou pral kapab elaji kapasite distri a pou founi divès sèvis sante mantal sante sou elèv/fanmi nan yon fason ki pi aksesib. Pwiske nou pral finansman yon ane travay konplè, pèsònèl la pral gen plis kapasite pou kreye ak mete an èv divès pwogram dirab ak adapte ak kilti ki reponn dirèkteman ak bezwen elèv yo ak fanmi yo. Pwiske finansman disponib enpe limite, nou pral konsantre finansman sou sèvis ki founi nan lekòl yo ki genyen youn oubyen plizyè patenarya kominotè (nan bay priyorite ak lekòl san patnè yo an premye). Anplis, nou pral egzamine pwogramasyon pa mwayen yon pwosesis aplikasyon pou asire nou ap finansman divès entèvansyon wot kalite, baze sou prèyè ki reponn ak bezwen reyèl kominote yo. Pou soutni travay sa, nou pral kontinye tou finansman pou yon pòs santral ko pral egzamine demann kandidati yo, kowòdone sèvis yo, epi kolekte done pwogram yo (sa vle di, done demografik patisipan yo, kòmantè elèv yo/fanmi yo, mizannèy/rezilta yo).

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Avan Jen 2023, 66 pwofesyonèl sante mantal pral livre 60 èdtan sipò sante mantal pou elèv ak fanmi andeyò lè lekòl yo.

Endikatè: Kontra yo ak Anplwa tan yo

Objektif #2: Avan Jen 2023, omwen 100 elèv BPS ak fanmi yo pral ogmante angajman pa yo avèk lekòl yo (vya Ankèt sou Klima) aprè yo fin resevwa sipò nan sante mantal nan men pratisyen BPS yo andeyò lè lekòl yo.

Endikatè: Rezilta Ankèt sou Klima Lekòl k ap Patisipe yo

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23674

Non Sibvansyon: FY2022: Digital Literacy Now Grant Pati 2, Kòd Finansman: 147-3

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: FY23: 1ye Jiyè 2022 – 31 Desanm 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Paula Moore, Depatman Ansèyman Primè ak Segondè (DESE) (Biwo Sant Sipò Pedagojik/STEM)

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781-338-3529

Imel moun k ap ede a: paula.b.moore@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): OIIT / Ekip Aprantisaj Nimerik

Jesyonè Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Montan Anyèl Pri a 77 825\$ (Ane Fiskal 2023)

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: (35 000) - klas 3yèm-12yèm ane

Objektif nou se atenn 25% nan elèv sa yo = 8,700 elèv

Sit yo: TBD

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon:

Objektif sibvansyon eta sa a se etabli ak ankouraje edikasyon rigoure, atiran, epi ki konfòm ak nòm yo nan domèn edikasyon nimerik ak enfòmasyon nan lekòl piblik boston yo nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane. Sibvansyon sa pral konsantre l pou l ogmante aksè nan Edikasyon Nimerik ak Syans Enfòmasyon (DLCS) nan lòt klas ak/oswa lekòl yo nan distri a soti klas 3yèm ane rive klas 12yèm ane. Sibvansyon sa pral kouvri devlopman pwofesyonèl pandan ete ak pandan lotòn ansanm ak materyèl pou pwofesè yo kapab aprann e aplike pwogram DLCS yo pou klas 3yèm ane rive 5yèm ane, klas 6yèm ane rive 8yèm ane, ak pou klas 9yèm ane rive 12yèm ane. Pwofesè ki nan klas 3yèm ane rive klas 5yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize pwogram etid yo te chwazi ane pase a; pwofesè ki nan klas 6yèm ane rive klas 8yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize menm pwogram etid yo chwazi pandan yo t ap aplike Pati 1 nan sibvansyon sa a, avèk modifikasyon. Pwofesè ki nan klas 9yèm ane rive klas 12yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize pwogram etid yo te chwazi yo pandan faz planikasyon sibvansyon sa a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

FY23:

- 34,000 \$ pou alokasyon pou pwofesè
- 30,000 \$ pou devlopman pwofesyonèl
- 3 825 \$ pou frè deplasman
- \$10,000 pou teknoloji ansèyman
- Total: 77 825\$

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: 15 pwofesè pral patisipe nan Kòwòt 1 an pou Klas 9yèm ane rive Klas 12yèm ane. Tout pwofesè yo pral benefisye Devlopman Pwofesyonèl pandan sezon ete a ansanm ak sipò BPSTechnology bay pandan tout ane akademik la. Pwofesè yo pral resevwa tou materyèl pou salklas ki obligatwa pou yo aplike ansèyman an jan pwogram etid ki defini an detèmine sa a.

Endikatè: Patisipasyon kòwòt la nan reyinyon ak seyans PD ki obligatwa yo ak nan aplikasyon pwogram yo chwazi a nan salklas la.

Objektif #2: 15 pwofesè pral patisipe nan kòwòt Klas 6yèm ane rive Klas 8yèm ak/oswa kòwòt Klas 3yèm ane rive Klas 5yèm yo. Tout pwofesè yo pral benefisye Devlopman Pwofesyonèl pandan sezon ete a ansanm ak sipò BPSTechnology bay pandan tout ane akademik la. Pwofesè yo pral resevwa tou materyèl pou salklas ki obligatwa pou yo aplike ansèyman an jan pwogram etid ki defini an detèmine sa a.

Endikatè: Patisipasyon kòwòt la nan reyinyon ak seyans PD ki obligatwa yo ak nan aplikasyon pwogram yo chwazi a nan salklas la.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak [Privorite Vizyon Estratejik 20/25](#) distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

2.3 Founi yon pwogram etid ak ansèyman rigoure ki garanti ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ki gen ladan opòtinite aprantisaj nan domèn atizinal, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik, edikasyon sou sante, ak edikasyon sivik, aksè nan pwogram espòtif ak teknoloji, epi entegre byennèt elèv yo konplètman nan eksperyans edikatif la.

2.5 Aplike divès atant ak pwogram etid elemantè ki rigoure e konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik.